

AVI JIRIDIK

VIL SOMERVILLE

BIWO MAJISTRA A POU PLANIFIKASYON ESTRATEJIK AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ

ODYANS PIBLIK

Daprè atik 24 CFR 91.105(e) (1), Vil Somerville ap gen pou fè yon odyans piblik pou prezante **Plan Alokasyon pou Pwogram Patenarya Envestisman HOME ki nan Plan pou Sovtaj Ameriken (nou konnen sou akwonim li an anglè ki se HOME ARP)**. HOME ARP se yon pwogram ki la pou diminye kantite moun ki sanzabri epi ogmante stabilite nan kesyon lojman. Se Depatman Ameriken pou Lojman ak Devlòpman Iben (nou konnen sou akwonim li an anglè ki se HUD) ki finanse l. Objektif odyans lan se pou jwenn opinyon piblik la sou fason y ap itilize fon HUD bay la pou plan alokasyon vil la.

Odyans piblik la ap gen pou fèt vityèlman a 6:30 p.m. jou k ap **jedi 23 fevriye 2023**, epi l ap aksesib atravè lyen:

<https://us06web.zoom.us/j/89015580025>

Vil Somerville te resevwa **\$1,626,742.00** nan fon HOME ARP la ki dwe depanse anvan 30 septanm 2030. HOME ARP ofri fon pou diminye kantite moun ki sanzabri epi ogmante stabilite nan kesyon lojman nan tout peyi a. Vil Somerville ap devlope Plan Alokasyon li an ki dekri kòman li gen entansyon itilize fon HOME ARP la. Pwosesis pou Plan Alokasyon an gen ladan l angajman ak opinyon kominote an ak patisipan yo, epi n ap ajoute kòmantè piblik la. Depi nou fini avèk Plan Alokasyon an, n ap soumèt li bay Depatman Ameriken pou Lojman ak Devlòpman Iben (HUD) pou jwenn apwobasyon.

Selon kòmantè nou resevwa jou sa a, Vil Somerville planifye pou li bay pwogram k ap ofri Sèvis Sipò bay kat (4) Popilasyon ki Kalifye yo fon pou 1) Sanzabri, 2) Moun ki gen risk pou yo vin sanzabri, 3) Moun ki sove pou vyolans domestik oswa k ap eseye sove pou vyolans domestik, moun ki sibi vyolans nan men moun y ap frekante, agresyon seksyèl, asèlman oswa trafik moun, 4) Lòt popilasyon yo (li gen ladan l fanmi ki fè demann sèvis oswa èd pou lojman pou anpeche yo vin sanzabri ak moun ki gen pi gwo risk pou gen enstabilite nan kesyon lojman). Epitou, l ap bay li pou fonksyònman ak ranfòsman, administrasyon ak planifikasyon kapasite òganizasyon ki pa la pou fè pwofi.

N ap pibliye yon kopi Premye Vèsyon Plan Alokasyon an sou sit entènèt Biwo pou Planifikasyon Estratejik ak Devlòpman Kominotè Vil la ki se: *Link to be inserted here once available.* N ap kapab jwenn kopi dokiman an sou papye nan City Hall, 93 Highland Ave, twazyèm etaj, ak nan City Hall Annex, 50 Evergreen Ave, epi nou kapab fè demann nan pandan n ap voye yon imèl bay ldavidson@somervillema.gov oswa rele nan 617 625-6600 ekstansyon 2585.

Moun ki gen andikap yo epi ki bezwen èd ak sèvis oksilyè pou yo kapab pi byen kominike, jwenn materyèl alekri ki nan lòt fòma, oswa modifikasyon rezonab nan politik ak pwosedi yo, nan objektif pou yo gen aksè ak pwogram epi aktivite Vil Somerville dwe kontakte Adrienne Pomeroy, nan APomeroy@somervillema.gov oswa rele nan 617-625-6600 ekstansyon 2059.

Vil Somerville kapab ba ou yon entèprèt gratis. Pou fè demann yon entèprèt nan lang ou a, tanpri kontakte Biwo pou Zafè Imigran SomerViva nan www.somervillema.gov/ContactSomerviva oswa rele nan 311 (617-666-3311). Tout demann pou aranjman yo dwe fèt anvan biwo a fèmen jou k ap **Madi 21 fevriye 2023**. Nou dwe voye kesyon jeneral konsènan odyans lan bay Biwo pou Planifikasyon Estratejik ak Devlòpman Kominotè (OSPCD) nan ldavidson@somervillema.gov oswa rele nan 617-625-6600 ekstansyon. 2585.

N ap aksepte kòmantè alekri yo apati **vandredi 24 fevriye 2023 jiska jedi 17 mas 2023**, @ 7:30 p.m. epi nou dwe voye yo bay Lisa Davidson nan Office of Strategic Planning and Community Development (OSPCD)/Housing Division, 50 Evergreen Avenue, Somerville, MA 02145 oswa atravè imèl bay ldavidson@somervillema.gov.

Katjana Ballantyne
Majistra